

"Pran Devan Plon" Rapò Chak Mwa

Sijè: Dènnye Chanjman nan Sitwèb HPD, Definisyon "Rezide", ak Rapò Anyèl

Pou vanse ak angajman nou bay pou pwopriyetè yo enfòmasyon yo sou obligasyon yo genyen selon lalwa, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department Of Housing Preservation And Development, HPD) pral pibliye yon seri bilten sou entènèt ak imèl chak trimès. Chak bilten pral mete aksan sou yon aspè nan lwa a epi li pa gen entansyon kouvri tout lwa ak règ ki aplike yo nèt. Ale sou [sitwèb HPD a](#) pou li bilten sa a ak ansyen bilten nou yo nan lòt lang.

Bilten sa a espesyalman konsantre sou dènnye chanjman sou sit wèb HPD a, definisyon "rezide", ak yon rapèl ki di pwopriyetè pwopriyete yo dwe bay ak kolekte Avi Anyèl Plon an nan mwa janvyè ak fevriye.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final tout responsablite pwopriyetè kay ak lokatè anrapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York.

Dènnye Chanjman nan Sitwèb HPD a

Pou konfòme ak rekòmandasyon vil ka epi fè sitwèb HPD a pi aksesib, jou ki te 10 desanm 2019, nou te chanje [Sitwèb HPD](#) a nèt. Ou pral remake ke chak Sijè Kalite Lojman gen pwòp paj li. Nan paj sa a, ou pral jwenn enfòmasyon pou pwopriyetè ak lokatè, obligasyon, fòm, ak plis toujou. Pou jwenn aksè byen fasil sou paj Plon an, ale sou [paj dakèy HPD a](#) epi klike sou [Kalite/Sekirite Lojman](#), ki sou bò goch ba zouti a. La w ap jwenn paj [Penti Abaz Plon](#) an.

Nouvo Definisyon "REZIDE"

Apati 1ye janvyè 2020, definisyon "rezide" se "yon moun ki pase regilyèman 10 oswa plis èdtan pa semèn nan yon kay" ki gen ladan yon timoun k ap viv nan kay la ak yon timoun ki jis vizite kay la kantite fwa sa a.

N ap raple ou dokiman nan [Depatman Sante ak Sante Ijyèn Vil New York](#) ap reflekte chanjman sa a tou.

Avi Anyèl

Lokal lalwa 1 ane 2004 (Lwa Lokal 1) mande pou pwopriyetè a gen aktivite ki konsène penti abaz plon. Pwopriyetè yo dwe konsève dosye aktivite sa yo pou omwen 10 zan epi, kòmanse nan mwa me 2020, sètifye konfòmite avèk aktivite sa yo kòm yon pati nan enskripsyon pwopriyete anyèl la. **Kapab gen gwo sanksyon si yo pa fè aktivite sa yo epi yo pa kenbe dosye sa yo.**

Ant 1ye janvye ak 16 janvye, pwopriyetè bilding ki gen plizyè apatman yo te bati avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1979 si pwopriyetè ak konnen gen penti abaz plon) oblije bay yon Avi Anyèl bay chak lokatè epi re pran avi ki ranpli a nan men lokatè a avan 15 fevriye.

Kisa avi a ye?

- Avi Anyèl la mande lokatè a pou li devwale si yon timoun ki poko gen sis (6) lane abite (ki gen ladan timoun k ap viv oswa ki pase regilyèman 10 oswa plis èdtan pa semèn) nan inite lojman an.
- Gen de (2) vèsyon nan Avi Anyèl pwopriyetè yo ka itilize. **Ou sèlman bezwen bay youn (1).** Youn (1) mete avi Danje Penti Abaz Plon an ansanm ak avi Pwoteksyon Fenèt la epi dezyèm nan se sèlman yon avi sou danje Penti Abaz Plon.
 - [Avi Anyèl pou pwoteje pitit ou kont pwazon plon ak pou li pa tonbe nan femèt \(Proteja a su Nino del Envenenamiento por Plomo y de las Caidas por las Ventanas Notificación Anual\)](#)
 - [Avi Anyèl pou prevansyon danje penti abaz plon - Kesyon konsènan timoun \(Aviso Anual Para Medidas de Precaucion con los Peligros de Plomo en la Pintura-Encusta Respecto al Nino\)](#)
- Yo dwe bay lokatè a avi a omwen nan lang Angle ak Panyòl epi de (2) kopi chak pou lokatè a ka kenbe yon kopi epi remèt pwopriyetè a youn.
- Kenbe prè v ou te bay avi sa a, asire w lokatè konnen kote pou li remèt avi sa a, epi kenbe avi ranpli ou te resevwa nan men lokatè a.

Kisa pou w fè si lokatè a pa reponn?

- Si lokatè a bay remèt avi a ranpli avan 15 fevriye, pwopriyetè a dwe fè enspeksyon suivi ant 16 fevriye ak 1ye mas pou eseye wè si gen yon timoun ki gen mwens pase sis (lane) k ap viv nan kay la oswa pi pase plis pase 10 zèdtan nan kay la regilyèman. Yon pwopriyetè dwe kenbe dosye ki montre li te eseye kontakte lokatè a pou fè envestigasyon an.
- Si pwopriyetè a pa resevwa ki ranpli a nan men lokatè a epi li pa kapab detèmine dapre envestigasyon swivi sa a yo si gen yon timoun ki poko gen sis (6) lane, pwopriyetè a dwe notifiye DOHMH alekri pou di li pa te resevwa avi a nan men lokatè a (pwopriyetè a dwe kenbe yon kopi notifikasyon sa a tou). Pwopriyetè a dwe voye notifikasyon li a bay DOHMH nan:

Department of Health and Mental Hygiene — Healthy Homes
125 Worth Street, Sixth Floor, CN58
New York, NY 10013

Poukisa yon pwopriyetè bezwen kolekte enfòmasyon sa yo?

- Avi sa a enpòtan paske li detèmine kote pwopriyetè a dwe fè lòt aktivite nesèsè ki obligatwa dapre Lwa Lokal 1, tankou pèfòmans investigasyon anyèl la epi swiv pratik travay an sekirite yo. Tout apatman kote yo detèmine gen yon timoun ki rezide ladan jan li defini anwo a dwe enspekte pou danje penti abaz plon.
- Gade nan [rapò desanm 2019](#) ki afiche sou sitwèb HPD a pou jwenn plis enfòmasyon sou investigasyon anyèl ki obligatwa pou danje penti abaz plon nan tout apatman ak bilding kote gen yon timoun ki poko gen sis (6) lane ki rezide la ak pou pratik travay san danje.

Kijan yon pwopriyetè ka swiv tout bagay?

- HPD te kreye fòm pou ede yon pwopriyetè dokimante yo te voye avi a, yo te resevwa li, oswa nenpòt enspeksyon swivi ki te fèt si lokatè a pa te remèt li: gade nan [Echantiyon Fòm pou Livrezon Konfòmite Avi Anyèl la](#)